



Èske Lapolis Pran Machin Ou?

**Yon Gid pou Pwosè W lan nan
Divizyon Pwosè OATH la**

Biwo Pwosè ak Odyans Administratif

100 Church Street, 12th Floor, New York, NY 10007

Tab de Matyè

Dosye Machin yo Tande nan OATH	4
Èske Fò M Pran Avoka?.....	5
Ki Kote Pou M Ale?	6
Vin Alè	7
Èske W Ap Bezwen Entèprèt?.....	7
Kisa yo rele Konferans la?	8
Kisa Yo Rele Pwosè a?	9
Kijan Mwen Ka Pare pou Pwosè mwen an?	9
Kisa k ap Pase Pandan Pwosè mwen an?.....	10
Èske Fò Mwen Temwaye?	11
Sitiyasyon ki Gen Dwa Lakòz yo Remèt ou Machin nan	12
Kisa k ap Fèt Apre Pwosè a?	13
Sèvis Avoka	14
Plis Enfòmasyon	15

Avètisman Enpòtan

Enfòmasyon ki pibliye la a fèt pou ede piblik ki enterese a, li pa fèt pou sèvi kòm konsèy nan zafè lalwa. Enfòmasyon sa yo pa gen okenn pèz jiridik epi yo pa baze sou presedan, e ou pa gen dwa ofri yo ni nan OATH ni nan lòt kote kòm ni fòs jijman ni presedan. Pa gen okenn deklarasyon ni garanti ki fèt oswa ki gen dwa dedui, ke enfòmasyon ki pibliye la a kòrèk oswa konplè, ni onivo tipografik ni nan sa li di an, epi OATH p ap responsab pou okenn bagay ki pa sa oswa ki pa konplè. An patikilye, pa gen okenn deklarasyon ni garanti ki fèt oswa ki gen dwa dedui ke règ, lwa, lòd, desizyon, oswa lòt sous jiridik ki sou Sit Entènèt sa a se sa oswa yo dekri konplètman la a, epi OATH p ap responsab pou okenn bagay ki pa sa oswa ki pa konplè. Itilizatè yo dwe gade sous jiridik ofisyèl yo pou detèmine lwa sou dwa ak obligasyon ak lwa sou pwosedi ki aplikab yo, sa gen ladan l sa ki ekri nan nenpòt règ, lwa, lòd, desizyon oswa lòt sous jiridik nou refere a yo la a.

Dosye Machin yo Tande nan OATH

Enfòmasyon pou mèt ak chofè machin lapolis pran apre arestasyon

1. Si Yo “Sezi” oswa Pran Machin Ou

Dapre lalwa, si gen yon machin ki te sèvi an rapò ak yon krim, depatman lapolis la gen dwa “sezi” li epi apre sa chèche jwenn tit pou li nan yon tribinal New York nan sa ki rele yon pwosedi konfiskasyon. Mèt ak chofè machin yo gen dwa a yon pwosè san pèdi tan pou konteste dèske Depatman Lapolis la kenbe machin nan, annatandan pou pwosedi konfiskasyon an fèt. Ou pa oblije tann pou pwosedi konfiskasyon an kòmanse pou w eseye re pran machin ou an pwovizwaman. Lapolis gen dwa pran yon machin lè li arete chofè a pou krim tankou kondui tou sou oswa lè li jwenn dwòg oswa zam afe nan machin nan.

2. Dwa a Pwosè

Kòm chofè oswa mèt yon machin Depatman Lapolis la pran, ou gen dwa pou w mande pwosè nan OATH devan yon Jij Administratif ki pral deside si yo ka remèt ou machin ou anvan yo deside fè yon pwosè pou konfiskasyon.

- Depatman Lapolis la dwe bay chofè a yon fòmilè demann nan moman arestasyon an. Fòmilè a rele “Notice of Right to a Retention Hearing” (Avi sou Dwa a yon Odyans sou Zafè Machin yo Sezi). Depatman Lapolis la dwe voye yon kopi fòmilè a pa lapòs tou bay mèt machin lan nan yon delè 5 jou ouvrab apre arestasyon an. Si Depatman Lapolis la pa bay de (2) avi sa yo, nan moman arestasyon an epi pa lapòs, sa gen dwa yon rezon pou li remèt machin nan bay chofè a oswa mèt machin nan.
- Pou mande pwosè, mèt oswa chofè machin nan dwe voye fòmilè demann odyans/pwosè a pa lapòs, oswa remèt li ant 8:30 a.m. ak 3:30 p.m., nan Depatman Lapolis la nan adrès ki sou fòmilè a. Ou pa ka fakse fòmilè a.
- Ni chofè a ni mèt machin nan gen dwa pou mande pwosè, men se yon sèl pwosè k ap fèt.

3. Si Ou Mande Pwosè

Depatman Lapolis la ap fè ou konnen lè ak dat pwosè a pa lapòs nan yon delè 2 jou ouvrap apati de dat li te resevwa demann ou an. Pwosè a dwe planifye nan yon delè 10 jou ouvrap apati de dat yo te resevwa demann ou an.

Èske Fò M Pran Avoka?

Ou gen dwa parèt avèk yon avoka oswa yon reprezantan nan OATH. Ou gen dwa reprezante tèt ou nan OATH, men nou ankouraje ou jwenn yon avoka oswa yon reprezantan ki gen konesans pou ede ou nan dosye w la nan OATH.


- Ou dwe fè pwòp aranjman pa ou avèk yon avoka oswa yon reprezantan. Sa vle di ou responsab mande si l ap fè ou peye lajan. Ou pa dwe bliye nonplis pou w ba li tout avi sou pwosè OATH ou a.
- Si ou gen yon dosye kriminel ki poko regle, fè avoka dosye kriminel ou a konnen ou gen pwosè sa a. Sa ou di nan yon pwosè OATH ka sèvi kont ou pi ta nan dosye kriminel ou a.

Ki Kote Pou M Ale?

Yo gen dwa tande dosye w la sou entènèt pa videyokonferans. W ap resevwa enstriksyon nan men OATH sou kijan pou w patisipe sou entènèt. Ou gen dwa mande yon odyans an pèsonn. Si jij la aksepte demann sa a, men adrès biwo OATH la:

Office of Administrative Trials & Hearings

100 Church Street, 12th Floor
New York, NY 10007



Nim. Tel.: (212) 933-3097

Imèl: OATHCalUnit@OATH.nyc.gov

Vin Alè



► Sa K Ap Rive Si Mwen An Reta?

Ou dwe alè pou pwosè w lan. Si ou an reta, pwosè a ka fèt san ou. Sa vle di jij la ka pran yon desizyon baze sèlman sou prèv Depatman Lapolis la prezante. Si ou an reta poutèt blokis oswa reta nan transpò piblik, voye yon imèl oswa rele Inite Kalandriye OATH la (OATH Calendar Unit) pou fè li konn sa.

► Kijan Mwen Ka Ranvwaye pou yon Lòt Dat?

Si ou pa ka vini nan yon konferans oswa pwosè ki pwograme, ou dwe rele reprezantan Depatman Lapolis la ki gen non li sou avi odyans/pwosè a ak OATH kou sa posib. Ni ou ni avoka Depatman Lapolis la dwe patisipe nan tout koutfil avèk jij OATH La. Ou ka mande jij la si ou ka vini nan OATH yon lòt dat si gen bon rezon pou sa. Yo rele sa sispanasyon. Ou ka mande plis tan si ou vle jwenn yo avoka oswa yon reprezantan oswa si ou gen yon lòt bon rezon pou retade pwosè a. Jij la ap deside si wi ou non ou ka retounen yon lòt jou.



Èske W Ap Bezwen Entèprèt?

Si ou bezwen **entèprèt**, OATH ap bay youn gratis. OATH sèvi ak entèprèt nan telefòn. Yo pale sou opalè telefòn lan nan odyans oswa konferans sou entènèt ou a oswa nan sal tribinal la.

Kisa yo rele Konferans la?



Anvan pwosè a kòmanse, gen yon jij k ap rankontre avèk ou ak yon moun Depatman Lapolis la swa sou entènèt swa nan sal tribinal la pou wè si nou ka regle dosye a. Yo rele sa **konferans**.

- ▶ Ou te mèt parèt avèk oswa san avoka oswa reprezantan ou chwazi an.
- ▶ Jij konferans la pral eksplike sa ki pase nan OATH epi fè chita pale sou fason oumenm ak NYPD ka regle dosye a.
- ▶ Ou ka poze kesyon.
- ▶ Ou gen dwa regle dosye w lan avèk Depatman Lapolis la si ou vle, men ou pa oblije regle li. Se chwa pa w. Règleman an se yon bagay ki fèt lib e libè. Sa mande toude bò yo, oumenm ak Depatman Lapolis la, pou fè yon règleman. Jij la pral travay avèk toude bò yo pou wè si gen kondisyon ni ou ni Depatman Lapolis la ap aksepte.
- ▶ Men kèk **egzanp** kondisyon règleman ki posib: amann; frè estokaj; enskripsyon nan yon pwogram pou toksikomani; w ap kite machin nan ba yo; oswa y ap remèt ou machin nan. Pa gen garanti w ap jwenn okenn kondisyon règleman presi. Sa yo se egzanp sèlman.
- ▶ Si ou pa arive a yon règleman, ou ka gen pwosè w lan. Ou gen dwa a pwosè.

Kisa Yo Rele Pwosè a?



Kijan Mwen Ka Pare pou Pwosè mwen an?

- ▶ So dosye w la pa regle nan konferans la, se yon lòt jij ki pral fè pwosè a. Pwosè a tankou yon pwosè nan tribinal.
- ▶ Jij la ap mande ou pou w voye pa imèl bay jij la ak avoka Depatman Lapolis la anvan dat pwosè w lan tout dokiman oswa lòt prèv ou panse ki ka ede dosye w lan. Jij la pral mande w tou pou w voye pa imèl lis temwen ou yo. Si pwosè w lan se an pèsonn l ap fèt, voye pa imèl epi pote dokiman w yo ak lòt prèv yo nan sal tribinal la epi mennen temwen ou yo.
- ▶ Anvan dat tribinal ou a, oumenm ak Depatman Lapolis la ka mande youn lòt dokiman sou dosye w lan – sa vle di, dokiman chak bò pral montre jij la. Demann sa yo dwe fèt pa ekri.
- ▶ Ou te mèt parèt nan pwosè a avèk oswa san avoka oswa lòt reprezantan ou chwazi an.

Kisa k ap Pase Pandan Pwosè mwen an?

- ▶ Ni ou ni Depatman Lapolis la gen dwa fè **prezantasyon ka**. Yon prezantasyon ka se yon rezime sa ou gen lentansyon pwouve a.
- ▶ Apre sa Depatman Lapolis la pral prezante prèv, nòmalman dokiman ki gen pou wè ak arestasyon chofè a. Depatman an pa oblije mennen ni polisye ki te fè arestasyon an ni lòt temwen.
- ▶ Depatman Lapolis la dwe pwouve twa pwen pou kenbe machin nan. Depatman an dwe montre chak pwen “pi pwobab ke pa pwobab.”
 - Premyèman, te gen “kont rezon pou sispèk” pou fè arestasyon an. Sa vle di lapolis te gen yon baz legal pou arestasyon an.
 - Dezyèmman, Depatman Lapolis la gen anpil chans pou li genyen pwosè konfiskasyon sivil ki pral fèt la.
 - Twazyèmman, li nesesè pou Depatman an kenbe machin nan. Lapolis ka kenbe machin nan si remèt li t ap kreye yon menas pou sekirite piblik.
- ▶ Lè Depatman Lapolis la fin prezante prèv li yo, se tou pa ou pou ofri prèv, rele temwen, epi prezante tout agiman jiridik ou genyen.
 - Temwen sa yo Depatman an rele sou chèz temwen an, ou gen dwa poze yo kesyon. Yo rele sa **kont-entèwogatwa**.
 - Gen dwa gen kesyon **ki sijere repons** ki mande temwen an pou li reponn wi oubyen non pou yon bagay ou di. Kesyon sa yo ka kòmanse, paregzanp, konsa: “Èske se pa vre.....?” Oubyen kesyon ki sijere repons yo ka fini avèk mo tankou, “...èske sa pa kòrèk?” oswa “....., pa vre?”
- ▶ Temwen ou yo ap sou sèman. Ou ka poze temwen ou yo kesyon **dirèk** sou sa ki pase a.
 - Se kesyon ki mande repons lib tankou “Kiyès, Kisa, Ki lè, Ki kote, Kijan? Kisa ou te wè? Kisa ou te tande? Kisa ou konnen?”
- ▶ Lè ou fini ak kesyon ou yo, Depatman Lapolis la gen dwa lè sa a pou li **kont-entèwoje** temwen ou yo.

Èske Fò Mwen Temwaye?

- ▶ Se chwa pa w. Ou gen dwa gen yon desizyon difisil pou pran, èske w ap temwaye oswa pa temwaye.
- ▶ Li pi bon pou konsilte yon avoka sou desizyon èske w ap temwaye oswa pa temwaye nan pwosè OATH ou a.
- ▶ Ou gen dwa dapre Senkyèm Amannman Konstitisyon an pou w pa temwaye si temwayaj ou a ta gen tandans montre ou koupab yon krim.
- ▶ Men si ou chwazi pa temwaye nan OATH, jij OATH la gen dwa konkli silans ou a vle di temwayaj ou an pa t ap bon pou ou -- ou dakò sa Depatman Lapolis la di an.
- ▶ **Tout temwayaj ou bay nan OATH ka sèvi kont ou nan dosye kriminèl ou a.**
- ▶ Menm si yo pa ka gen anyen kont ou poutèt ou refize temwaye nan dosye **kriminèl** ou a, se pa menm bagay la nan pwosè k ap fèt nan OATH la. Pwosedi nan OATH yo se pwosedi **sivil**, administratif.

Si ou temwaye

- ▶ Deklarasyon ou yo ap sou sèman. Si ou parèt san avoka, epi ou temwaye, jij la ap mande ou pou w fè deklarasyon w lan sou sèman. Avoka Depatman an ka poze ou kesyon.
- ▶ Jij la gen dwa poze oumenm oswa nenpòt temwen kesyon.
- ▶ Finalman, toude bò yo gen dwa fè **dènye deklarasyon**. Yon dènye deklarasyon se yon rezime sa ou panse ou pwouve a. Ou ka mande jij la rezilta ou vle a.

Sitiyasyon ki Gen Dwa Lakòz yo Remèt ou Machin nan

- ▶ **“Mèt Machin Inosan”:** Mèt machin nan gen dwa chèche pou yo remèt li machin nan si mèt machin nan pa t ap kondui machin lan nan moman arestasyon ak sezi an, epi si mèt machin nan pa t otorize itilizasyon machin nan pou komèt krim. (Atansyon: NYPD gen dwa eseye montre se chofè li arete a, olye de mèt machin ki sou papye/tit machin nan, ki se mèt machin nan toutbon.)
- ▶ **Avi:** Yon mèt oswa chofè machin gen dwa chèche pou yo remèt li machin nan si gen prèv NYPD pa t remèt de (2) avi obligatwa yo sou dwa mande odyans la.
- ▶ Sa yo se sèlman de (2) pami sitiyasyon ki posib yo; gen dwa gen lòt ki lakòz yo remèt machin nan. Ou gen dwa pou w parèt nan odyans ou a ak yon avoka. Si ou gen pwoblèm sa yo oswa lòt pwoblèm pou soulve epi ou montre yo avèk prèv, sa vle di, NYPD pa respekte nenpòt nan kondisyon legal ki pi wo la a, ou gen dwa fè chita pale sou pwoblèm sa yo avèk avoka ou epi di sa k ap trakase w la devan Jij OATH la nan odyans “Krimstock” OATH ou a.

Kisa k ap Fèt Apre Pwosè a?

Lè pwosè a fini, jij OATH la ap pran yon desizyon nan yon delè twa jou ouvrab. Men sa l ap sanble:

Police Dep't v. John Doe
OATH Index No. 9999/08, mem. dec. (Feb. 24, 2011)

Due to failure to comply with the notice provisions of the *Krimstock* Order, petitioner failed to prove its entitlement to retain 1994 Volvo pending the outcome of a civil forfeiture proceeding. Vehicle ordered released.

NEW YORK CITY OFFICE OF
ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

In the Matter of
POLICE DEPARTMENT
Petitioner
- against -
JOHN DOE
Respondents

MEMORANDUM DECISION

MONICA MASON, *Administrative Law Judge*

Petitioner, the Police Department ("Department"), brought this proceeding to determine its right to retain a vehicle seized as the alleged instrumentality of a crime pursuant to section 14-140 of the Administrative Code. Respondent John Doe is the owner of the vehicle (Pet. Ex. 6), which was seized following his arrest on January 24, 2011. This proceeding is mandated by *Krimstock v. Kelly*, 2007 U.S. Dist. LEXIS 82612 (S.D.N.Y. Sept. 27, 2007) ("the *Krimstock* Order"). See generally *Krimstock v. Kelly*, 306 F.3d 40 (2d Cir. 2002); *County of Nassau v. Canavan*, 1 N.Y.3d 134 (2003).

The vehicle at issue is a 1994 black Volvo sedan, Property Clerk Voucher No. 2000012345, which the Department seized following Mr. Doe's arrest for driving while intoxicated (Pet. Exs. 1, 2, 5). Veh. & Traffic Law §§ 1192(2); 1192(2-a)(a), 1192(3), and 1192(1) (Lexis 2012) (Pet. Ex. 3). The Department received the demand for the hearing on February 8, 2011, and trial was scheduled for February 21, 2011 (Pet. Ex. 7). The Department relied on documentary evidence and upon testimony from respondent. Respondent testified on his own behalf. For the reasons set forth below, I find that the Department is not entitled to retain the vehicle.

- ▶ W ap resevwa kopi desizyon an pa lapòs.
- ▶ Desizyon jij la ap afiche sou entènèt tou ak sou sit entènèt OATH la: [Search Decisions - OATH \(nyc.gov\)](http://SearchDecisions-OATH.nyc.gov).
- ▶ Si jij la bay lòd pou yo remèt machin nan, mèt machin nan dwe fè aranjman avèk Grefye Byen Depatman Lapolis la pou pran machin lan nan pakin kote yo kenbe machin yo konfiske yo.
- ▶ Pati ki pèdi an gen dwa fè apèl desizyon OATH la devan Lakou Siprèm Eta a.

Sèvis Avoka

Li ta bon pou w kontakte founisè sèvis avoka ki bò lakay ou pou wè si ou ka jwenn yon avoka k ap pran dosye w la gratis oswa pou yon frè sèvis negosye. Ou te mèt eseye nimewo telefòn ki anba la a:

Legal Aid Society

Telefòn: 212-577-3300 oswa 212-577-3398

- Legal Aid Society ofri sèvis avoka gratis pou kliyan ki gen revni fèb epi ki kalifye yo.
- Si ou gen yon avoka nan dosye kriminel ou a, ou gen dwa mande avoka sa a pou li ede ou jwenn yon avoka k ap reprezante ou nan dosye OATH sivil ou a konsènan machin ou an.
- Lis pasyèl òganizasyon sèvis avoka sa a se yon sèvis piblik.

Sèvis Referans Asosyasyon Bawo a

Li ta bon pou w kontakte asosyasyon bawo ki bò lakay ou a epi mande si li posib pou yo rekòmande ou resous jiridik. Paregzanp, ou gen dwa rele oswa voye yon imèl pou:

Asosyasyon Bawo Vil New York la (New York City Bar Association)

Sit entènèt: <https://www.nycbar.org/get-legal-help/>

Telefòn: (917)-634-3609 / (212)-626-7374 (an panyòl)

Imèl: irs@nycbar.org

Fòmilè demann sou entènèt:

<https://nycbar.intouchondemand.com/lrisrequest/nycrequestform.aspx>

An panyòl: Formulario de Referido – Solicite a un Abogado

(<https://www.nycbar.org/get-legal-help/es/>)

OATH pa bay konsèy jiridik epi li pa rekòmande okenn avoka oswa òganizasyon an patikilye.

Plis Enfòmasyon

Si Ou Pa Gen Ni Avoka Ni Reprezantan Pwofesyonèl Enskri Peye:

OATH ap ba ou chans pale ak yon Kowòdonatè Pwosedi Lajistis OATH ki ka ba ou enfòmasyon sou zafè lalwa ak resous pou ede ou pare pou dosye w lan. Moun sa yo ka ba ou enfòmasyon sou pwosesis odyans la, opsyon ki disponib pou ou yo, epi reponn kesyon ou genyen yo. Moun sa yo pa ka ba ou konsèy jiridik. Tout randevou yo dwe tonbe anvan jou odyans ou a. Gen sèvis lang etranje ki disponib gratis sou demann.

- Pou pran randevou avèk yon moun nan Sant Èd (Help Center) OATH la, tanpri voye yon imèl nan lyen sa a:

[Voye yon Imèl pou Sant Èd la](#) oswa rele nou nan (212) 436-0845 anvan konparisyon ki pwograme pou ou a nan OATH.

- Ou ka li plis sou OATH epi gade presedan ak règ yo lè ou ale nan: <https://www.nyc.gov/site/oath/trials/overview.page>
- Ou ka jwenn desizyon OATH yo gratis tou nan [Bibliyotèk sou Entènèt CityAdmin nan \(CityAdmin Online Library\)](#). Apre sa klike sou “OATH Trials” (Pwosè OATH yo) epi desann pou tape mo ou vle chèche yo pou jwenn dosye yo.